

Gid Sosyete Ameriken pou Kansè pou Detekte Kansè Bonè

American Cancer Society Guidelines for the Early Detection of Cancer

Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) rekòmande gid ki endike anba la yo pou tès depistaj kansè pou pifò adilt yo. Doktè itilize tès depistaj yo pou jwenn kansè anvan yon moun gen nenpòt sentòm.

Ale sou sitwèb nou, www.cancer.org, oswa rele nimewo gratis nou an, 1-800-227-2345, pou jwenn plis detay sou gid depistaj kansè nou an oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ou kapab fè pou ede redui risk pou gen kansè.

Kansè tete

- **Fanm ki gen laj 40 ak 44 tran** ta dwe chwazi pou kòmanse tès depistaj yo pou kansè tete avèk mamogram (radyografi tete a) si yo vle fè sa.
- **Fanm ki gen laj 45 ak 54 tran** ta dwe fè mamogram chak ane.
- **Fanm ki gen laj 55 kan ak plis** ta dwe chanje pou yo fè mamogram chak 2 zan, oswa yo kapab kontinye fè tès depistaj yo chak ane.
- Tès depistaj la ta dwe kontinye toutotan yon fanm gen bon sante epitou toutotan li espere viv 10 zan oswa plis.
- **Tout fanm yo** ta dwe abitye yo avèk avantaj yo konnen, limit ak posib domaj ki konekte avèk tès depistaj kansè tete. Yo ta dwe konnen kijan tete yo sanble nòmalman, epitou yo ta dwe tate ak rapòte nenpòt chanjman nan tete yo ba yon pwofesyonèl swen sante san pèdi tan.

Kèk fanm – akòz istwa fanmi yo, yon tandans jenetik, oswa sèten lòt faktè – ta dwe fè tès depistaj avèk MRI ansanm avèk mamogram. (Kantite fanm ki tonbe nan kategori sa a piti anpil.) Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante sou risk pou kansè tete ak sou pi bon plan depistaj la pou ou.

Kansè kolon ak kansè rektòm ak polip

Apati laj 50 tan, gason ak fanm ta dwe swiv youn nan plan tès sa yo:

Tès ki jwenn polip ak kansè

- Sigmoidoskopi fleksib chak 5 kan*, oswa
- Kolonoskopi chak 10 zan, oswa
- Lavman barite avèk doub kontras chak 5 kan*, oswa
- Koloskopi CT (kolonoskopi vityèl) chak 5 kan*

Tès ki jwenn kansè pi souvan

- Tès san ki kache nan pou pou ki baze sou gayiyak (guaiac-based fecal occult blood test, gFOBT)** chak ane, oswa
- Tès imino-chimik pou pou (fecal immunochemical test, FIT) chak ane**, oswa
- Tès ADN nan pou pou (Stool DNA, sDNA) chak 3 zan*

* Si rezilta tès la pozitif, ou ta dwe fè yon kolonoskopi.

** Ou ta dwe anpil kit tès pou pote lakay ou. Yon tès ou nan klinik lan pa ase. Ou ta dwe fè yon kolonoskopi si rezilta tès la pozitif.

Tès ki kapab jwenn kansè ak polip bonè ta dwe se premye chwa ou si tès sa yo disponib epitou si ou vle fè youn ladan yo. Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante sou ki tès ki pi bon pou ou.

Si ou arisk anpil pou gen kansè kolon ki baze sou istwa fanmi ou oswa sou lòt faktè, ou ka bezwen teste avèk yon diferan kalandriye. Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante sou istwa ou ak sou plan ki pi bon pou ou.

Kansè matris

- **Tès kansè matris ta dwe kòmanse nan laj 21 ane.** Fanm ki poko gen laj 21 ane pa ta dwe teste.
- **Fanm ki gen laj 21 ane ak 29 ane** ta dwe fè yon fwoti vajinal chak 3 zan. Ou pa ta dwe itilize tès HPV nan gwoup laj sa a sof si li nesèsè apre yon rezilta tès fwoti vajinal ki pa nòmal.
- **Fanm ki gen ant laj 30 ak 65 ane** ta dwe fè yon fwoti vajinal anplis yon tès HPV (ki rele “kò-tès”) ki fèt chak 5 kan. Sa a se pi bon apwòch la, men pa gen pwoblèm pou fè yon fwoti vajinal sèlman chak 3 zan.
- **Fanm ki gen laj 65 kan yo** epi ki te fè tès kansè matris souvan nan dènye 10 zan yo avèk rezilta nòmal pa ta dwe fè tès la pou kansè matris. Lè ou sispann tès la, ou ta dwe kòmanse li ankò. Fanm ki abitye gen pre-kansè matris grav ta dwe kontinye teste pandan omwen 20 tan apre dyagnostik la, menmsi yo depase laj 65 kan pou tès la.
- **Yon fanm doktè te retire matris li ak kòl matris li (yon isterektomi total)** pou rezon ki pa gen pou wè ak kansè matris epi ki pa gen yon istwa kansè matris oswa pre-kansè grav pa ta dwe teste.
- **Tout fanm ki te pran vaksen kont HPV** ta dwe toujou swiv rekòmandasyon tès depistaj yo pou gwoup laj yo.

Kèk fanm – akòz istwa sante yo (enfeksyon VIH, grèf ògàn, ekspozisyon nan DES, elatriye) – ka bezwen yon diferan kalandriye depistaj pou kansè matris. Pale avèk pwofesyonèl swen sante konsènan istwa sante ou.

Kansè andomèt (matris)

Sosyete Ameriken pou Kansè rekòmande pou doktè ta dwe fè tout fanm konnen risk ak sentòm kansè andomèt la lè yo nan menopoz yo. Fanm yo ta dwe rapòte nenpòt senyman vajinal yo genyen sanzatan oswa tach san ki soti nan vajen ba doktè yo.

Kèk fanm – akòz istwa yo – ka bezwen anvizaje fè yon byopsi andomèt chak ane. Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante konsènan istwa sante ou.

Kansè poumon

Sosyete Ameriken pou Kansè pa rekòmande tès pou tcheke si moun ki nan risk nòmal gen kansè poumon. Men, nou pa gen gid tès depistaj pou moun ki pi arisk pou yo gen kansè poumon lafimen sigarèt. Tès depistaj ta ka bon pou ou si ou gen tout sa ki endike anba la a:

- Laj 55 kan a 74 zan
- An bon sante
- Abitye fimen omwen yon pòch 30 sigarèt EPI swa toujou ap fimen oswa ou te kite fimen nan dènye 15 zan yo (Yon pòch-ane se kantite pòch sigarèt ou fimen chak jou multipliye pa kantite ane yon moun fimen. Moun ki te fimen yon pòch sigarèt pa jou pandan 30 tan gen yon istwa fimen 30 pòch-ane, menm jan ak yon moun ki te fimen 2 pòch pa jou pandan 15 zan.)

Tès depistaj la fèt avèk yon fèb dòz eskanografi CT (LDCT) pwatrin nan chak ane. Si ou tonbe nan kategori ki endike anwo a, pale avèk yon pwofesyonèl swen sante si ou vle kòmanse tès depistaj la.

Kansè pwostat

Sosyete Ameriken pou Kansè rekòmande pou gason yo pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon avèk yon pwofesyonèl swen sante sou si pou yo teste pou kansè pwostat. Rechèche yo fè pòkò pwouve avantaj posib pou teste pi enpòtan pase domaj pou fè tès la ak pou swiv tretman an. Nou kwè gason yo pa ta dwe teste san yo pa aprann toudabò sa yo dwe konnen ak sa yo pa konnen sou risk ak avantaj posib ki genyen pou fè tès la ak pou swiv tretman an.

Apati laj 50 tan, gason yo ta dwe pale avèk yon pwofesyonèl swen sante sou sa ki anfavè ak sa ki kont tès la pou yo kapab decide si tès la se yon bon chwa pou yo.

Si ou se yon Ameriken Nwa oswa si ou gen yon papa oswa yon frè ki te gen kansè pwostat anvan yo te gen laj 65 kan, ou ta dwe pale avèk yon pwofesyonèl swen sante apati lè ou gen laj 45 ane.

Si ou decide fè tès la, ou ta dwe fè yon tès san PSA avèk oswa san yon egzamen rektal. Konbyen fwa ou teste epi rezilta tès depannde nivo PSA.

Tchekòp ki gen pou wè ak kansè

Pou moun ki gen laj 20 tan oswa plis epi ki fè egzamen sante yo chak peryòd, yon tchekòp pou kansè ta dwe gen ladan konsèy epi, selon laj ak sèks moun nan, egzamen pou kansè tiwoyid, kavite oral, po, gangliyon lenfatik, testikil, ak ovè, epitou pou kèk lòt maladi anplis kansè.

Pran kontwòl sante ou, epi ede redui risk kansè ou.

- Kanpe lwen tout kalite tabak.
- Rive nan yon gwosè ki bon pou sante ou epi kenbe gwosè sa a.
- Toujou fè egzèsis fizik souvan.
- Manje sa ki bon pou sante ou avèk anpil fwi ak legim.
- Limite nan kantite alkòl w ap bwè (sou ou bwè anpil).
- Pwoteje po ou.
- Konnen tèt ou, istwa fanmi ou, ak risk ou yo.
- Fè tchekòp regilye ak tès depistaj kansè souvan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ou kapab fè pou ede redui risk kansè ou ak lòt kesyon sou kansè, tanpri ale sou sitwèb nou nan www.cancer.org, oswa rele nou nenpòt lè, lajounen kou lannwit, nan nimewo 1-800-227-2345.

Revizyon medikal nan mwa septanm 2015
Medically reviewed September 2015

Language: Haitian Creole